

Fiske Pwogam Asirans Chomaj Florid la ki pa Fonksyone

KÒMAN NOU TE FÈ RIVE

Menmsi COVID-19 la te klere yon limyè sou Èd pou Rekòmanse Travay (ke nou konn rele pi souvan Asirans Chomaj oswa UI), pwogam nan pa fonksyone byen depi plizyè ane. Palman eta a te redwi bidjè pwogam nan anpil nan lane 2011 lan, epi sa te kite eta Florid la vreman mal prepare pou yon kriz ekònomik. Kòm rezilta, pwogam UI eta Florid la preske anba lis la nèt lè n ap gade pèfòmans li sou endikatè yon bon pwogam ki mache byen. Sa mete rezidan Florid ki pa blan yo nan yon dezavantaj patikilyè, paske yo gen yon to chomaj ki preske de fwa pi wo ke lòt travayè yo.

Pwogam UI Florid la ta dwe enfòme selon prensip ki pwoteje travayè ki ochomaj yo epi selon kondisyon ekònomik yo, pa avèk mezi ki pou redwi kou pwogam yo epi ki penalize travayè k ap eseye sipòte fanmi yo.

Pou adrese pwoblèm sa yo de fason pèmanan epi pou mete travayè Florid yo an premye, Palman an ta dwe:



Ogmante montan peman yo.

Ogmante valè mwayèn benefis UI yo. Montan peman Florid yo se preske yo ki pi ba pami tout eta nan peyi a. Eta Florid la limite montan èd UI travayè ochomaj yo ka touche a \$275 nan yon semèn epi l limite èd UI a pou l pa depase 25 pousan valè total salè yon travayè touche nan peryòd referans li an, pou l pa ka depase \$6,325 nan yon ane l ap resevwa benefis. Men se pa tout moun ki resevwa kantite maksimal la. An mwayèn, pifò travayè nan eta Florid yo sèlman resevwa anviwon \$254 chak semèn, ki pa sifi pou peye lwaye a ak sèvis minisipal yo, alewè pou reponn ak bezwen debaz fanmi yo tankou manje, transpò, ak swen pou timoun yo pandan moun k ap sipòte fanmi an ap chache yon lòt djòb. Eta Florid la ta dwe ogmante to benefis maksimal li a pou l omwen rive nan nivo mwayèn nasyonal la (\$333) epi refòmile fòmil li itilize pou limite kantite èd yon travayè kapab resevwa nan yon ane l ap touche benefis.

Souple....mwen sipliye w pou ede m. Souple ogmante montan èd chomaj la. 125 pa semèn vreman pòv. Souple, Gouvènè DeSantis." – Wendy C. nan vil Holly Hill

Redwi egzijans monetè pou elijibilite ki fiske nan \$3,400 de salè total pandan peryòd referans lan epi adopte yon "peryòd de referans altènatif" pou ede travayè ki gen yon salè ki ba epi travayè sezònyè yo. Travayè nan eta Florid dwe gen tan touche yon minimòm de \$3,400 pandan peryòd de referans lan, ki defini kòm premye kat sou senk dènye trimès ki fin pase yo, pou l ka elijib pou resevwa UI. Si yo pèmèt travayè yo itilize yon peryòd de referans altènatif (ABP) ki evalye kòb yo fin touche pi resamman yo, sa t ap pèmèt ke plis travayè kalifye pou resevwa benefis ke yo merite yo. Paske yon moun oblije touche \$3,400 resamman pou l ka kalifye antanke kredi salè, demandè yo ki swa ochomaj depi lontan oubyen ki pa t konn touche anpil kòb nan travay yo pwobableman p ap elijib pou UI.

Pèmèt travayè yo resevwa peman pou peryòd de tan depi dat yo pèdi travay yo a rive dat yo te fè demann èd la. Aktyèlman, elijibilite pou resevwa benefis UI yo pa retwoaktif pou rive nan dat demann nan olye de dat pèt anplwa a. Sa mete travayè ki priyorize chache yon nouvo djòb—olye yo kouri fè demann pou èd chomaj la—nan yon dezavantaj, epi tou moun k ap fè fas ak difikilte pou remèt demann èd chomaj la.



Pwolonje dire resepsyon peman yo.

Eta Florid la ta dwe pwolonje dire minimòm prestasyon benefis yo sòti 12 semèn rive 26 semèn epi elimine fòmil ki lyè resepsyon benefis yo ak chif mwayèn kantite moun ki ochomaj onivo leta a. Pandan plizyè deseni, leta Florid la te konn bay rezidan Florid ki te ochomaj yo jiska 26 semèn èd UI. Apre sa, nan lane 2011, leta a te diminye dire prestasyon benefis yo a 12 semèn UI omaksimòm. Kòm rezilta, Florid klase nan 40yèm pozisyon nan peyi a pou kantite mwayèn de semèn ke travayè yo jwenn benefis. Florid ta dwe pwolonje dire minimòm UI a jiska 26 semèn, epi elimine fòmil ki lyè avantaj yo ak to chomaj yo.



Amelyore pòte ak enpak pwogram nan.

To resepsyon UI Florid la, ki mezire pousantaj travayè san djòb k ap resevwa benefis, se to ki pi mal nan tout peyi a. Florid ta dwe ogmante pousantaj moun ki elijib epi k ap resevwa benefis UI yo reyèlman (8,9 pousan) pou asire ke travayè ki elijib yo ap resevwa benefis yo merite yo. Baryè pou resevwa benefis yo, tankou sit wèb la ki pa mache epi kreyasyon anpil pwosedi ki konplike san rezon ki pyeje demandè, ta dwe elimine.

"Sit wèb chomaj la terib. Chak fwa w eseye telechaje prèv salè a ou jwenn yon mesaj ERÈ epi li jete w sou sistèm nan, donk anpil moun rete ak yon eta \$0 paske nou pa kapab montre prèv." – Kaila J. nan vil Sebring

Fikse sistèm CONNECT la. Sistèm anliy UI Florid la, ki rele CONNECT, ansyen anpil epi li pa sifi pou depoze demann nan moman pa gen ase travay, alewè lè Florid fè fas ak yon kriz ekònomik tankou COVID-19. Leta a ta dwe genyen kòm priorite pou fè CONNECT mache nan bon moman yo menm jan ak nan move moman yo tou.

Mete fen ak règ ki egzije benefisyè UI yo kontakte senk anplwayè chak semèn epi mete fen ak egzijans pou remèt rapò chak de semèn tou. Gen anpil obstak administratif pou yon moun resevwa benefis ki eksèsif epi ki pa nesès, tankou egzijans pou travayè yo montre ke yo kontakte senk anplwayè chak semèn, epi sa rann li difisil pou leta a ka founi èd bay travayè yo rapidman pandan resesyon ak kriz tankou pandemi an.

Kite demandè yo kontinye depoze demann keseswa elektwonikman oubyen sou papye apre pandemi an fini. Se pa tout moun Florid ki gen aksè ak teknoloji pou depoze demann UI yo elektwonikman. Eta Florid la ta dwe asire yon bon aksè pou tout demandè, kèlkeswa baryè yo te ka fè fas lè y ap eseye ranpli fòmilè demann pou jwenn benefis.

Retire semèn atant lan de fason pèmanan. Eta Florid la egzije demandè yo pou yo rete tann yon semèn anvan yo gen dwa kòmanse resevwa èd UI (yo rele sa semèn atant lan) epi leta a pa peye yo pandan semèn sa a, "semèn atant" lan, menm si yo satisfè tout egzijans elijibilite yo. Semèn atant yo se yon limitasyon sou resepsyon èd ki te konn egziste nan tan lontan lè leta yo te toujou depoze demann UI yo de fason manyèl.

Elaji kad definisyon "bon kòz." Prensip jistis la egzije yon fleksibilite pou asire ke tout rezidan Florid ki rate yon dat limit pou remèt yon rapò, oubyen ki kite travay yo oswa refize yon travay poutèt enkyetid sou kondisyon sante ak sekirite oubyen pou yo kapab pran swen yon manm fanmi yo oswa yon konjwen, gen kapasite pou pwouve ke yo gen bon kòz san yo pa pèdi benefis yo.

Kreye kondisyon ekitab ant diferan endistri yo. Tout travayè yo ta dwe benefisye de pwoteksyon UI a ofri yo. Eta Florid la ta dwe anile eksepsyon oswa kritè espesyal yo pou anplwayè yo ki mete travayè pa yo nan yon sityasyon dezavantaj.



Finanse sistèm UI Florid la konplètman.

Biznis ki nan eta Florid la peye mwens taks pou asirans chomaj pa anplwaye ke tout lòt eta, de lwen. To mwayèn onvio nasyonal la pou chak anplwaye se \$277 pa anplwaye, tandiske biznis yo nan eta Florid la peye sèlman \$50 an mwayèn. Pou yo kapab sipòte travayè ki ochomaj yo epi anpeche yon katastwòf ekònomik pandan moman resesyon yo, leta Florid la ta dwe konplètman finanse sistèm UI li a.

Ogmante baz salè ki enpòzab la. Leta a sèlman takse anplwayè yo sou premye \$7,000 nan salè yon travayè pou le moman — se montan ki pi ba nan tout peyi a. Leta a ta dwe ogmante baz salè enpòzab la pou l rive omwen \$10,000 pou eta a kapab pi pre mwayèn nasyonal la (\$18,158).

Ogmante Enpo Èd Chomaj la. To mwayèn taks nan eta Florid la anviwon 0,65 pousan nan salè enpòzab yo. Pou yo ka finanse pwogram UI a konplètman nan eta Florid la, palman an ta dwe adopte to ki preske menm jan ak to ki egziste nan 9 eta ki pi gwo yo (sòf Florid) ki gen yon to mwayèn minimòm de 0,56 epi yon to mwayèn mak-simòm de 7,42.

Itilize fon ki nan Fon Fidisyè Benefis Konpansasyon Chomaj yo konplètman. Leta a bezwen itilize fon ki nan fon fidisyè UI yo a konplètman, paske toujou gen \$1,4 milya ki disponib nan mwa oktòb 2020. Palman an dwe depanse fon fidisyè a selon nesèsite a pou adrese bezwen ekònomik rezidan Florid ki ochomaj yo olye pou l ta kite fon yo san manyen yo pou rezon politik.